

Fowòm Sitwayen pou Refòm Jistisla

Jistis ak Demokrasi
Chimen pou tabli yon pwosè penal demokratik

**Dokiman restitasyon katriyèm Fowòm nan
Sektanm 2003**



Rafrechi memwa

Depi mwa sektanm 2001, plizyè òganizasyon nan sosyete a, kit nan kapital la tankou nan lòt depatman yo reponn prezan pou chita pale sou refòm jistis penal la an Ayiti.

Premye Fowòm nasyonal la te reyini nan mwa sektanm 2001. Nan moman sa a, patisipan yo te mete aklè ki sa ki lakòz sosyete sivil la dwe mele nan zafè refòm jistis la.

Rankont dezyèm Fowòm nasyonal ki te fèt nan dat 28 ak 29 jèn 2002 a, te montre enpòtans diyite moun nan konstriksyon yon lòt pwosè pénal. Patisipan yo te chita sou fason nouvo pwosè penal nan dwe pwotege diyite moun.

Rankont twazyèm Fowòm nasyonal la jou ki 27 sektanm 2002 a te gade fason jistis penal la mache nan peyi a selon fason yo trete moun ladan l. Sou baz sa a, twazyèm Fowòm nan montre ki refòm jistisla nou bezwen. Tout lide sa yo te rantre nan dokiman sila a : « **Ki refòm jistis penal divès sektè sosyete a vle ?** ». Ti dokiman sa a montre kijan eta jistis la ye nan moman n ap viv la : li mete moun sou kote, li pèdi tèt li nan fè laviwonndede ak dilatwa epi li abitrè. Fas ak yon jistis konsa, vizyon sitwayen yo nan Fowòm nan, se yon jistis ki ouvè pòt li pou tout moun, ki klè pou tout moun, ki efikas, ki endepandan epi ki respekte diyite moun.

Ti dokiman sila a remèt nou konklizyon ak pwopozizyon ki sòti nan katriyèm Fowòm 26 sektanm 2003 a.

Divès atelye ki te òganize pou te mennen n nan katriyèm Fowòm nan, pèmèt nou tire 4 konklizyon sou ki fason refòm jistis penal la dwe fèt :

- Refòm jistis penal la an Ayiti pa mande pou nou kopye sou okenn lòt ;
- Refòm jistis penal la vle di : bati yon modèl pwosè penal ki chita sou respè diyite moun ;
- Refòm jistis penal la vle di : bati yon *pwosè penal demokratik* ki chita sou prensip tout moun egalego, sou limit tout pouvwa leta yo ak sou patisipasyon sitwayen yo ;
- Refòm jistis penal la vle di : bati yon *pwosè penal demokratik* ki chita sou preyoqipasyon sitwayen yo.

Se 4 konklizyon sa yo ki ban nou tèm katriyèm Fowòm nan : « *Jistis ak Demokrasi, chimen pou n tabli yon pwosè penal demokratik* »



1. Jistis ak demokrasi an Ayiti

Fondman

Katriyèm Fowòm nan montre relasyon ki genyen ant demokrasi ak jistis. Relasyon sa a chita sou:

1. Oganizasyon ak fonksyonman jistis penal la nan Leta a, montre relasyon ki genyen ant yon pouvwa ak sitwayen yo, sou **sa ki gen awè ak libète chak sitwayen**. Kidonk, Leta gen nan men l yon gwo pouvwa pa rapò ak sitwayen yo atravè fòs piblik yo, pou l kontrenn moun.

2. Mete chita yon sistèm jistis penal ki respekte diyite moun vle di: **yon pouvwa jidisyè ki endepandan, ki san paspouki**, pandan l ap fè menm otorite ki eli yo sonje, pa gen pèsòn ki anwo tèt lalwa.

3. Pou fini, pouvwa jidisyè a se sèl pouvwa ki pi pre sitwayen yo, li an kontak dirèk chak jou ak sitwayen yo. Wòl li, se rezoud toutan tout konfli ki kab mete sitwayen yo dozado. **Se nan fason sa a, yo kab idantifye vre wòl abit, jij yo genyen nan sosyete a**. Kidonk, lè jij yo pran reskonsablite sosyete a bayo a, alèkile yo montre tout bon vre yo se otorite ki lejitim.

Se tout bagay sa yo ki fè nou konprann, jistis la pa sòti anlè. Se pa sèlman pouvwa jidisyè a ki gen pou jere zafè jistis la, men tou se wòl tout sitwayen nan yon sosyete kote kòd lonbrit youn mare ak lòt.

Pou Fowòm Sitwayen an, ap gen jistis lè sosyete a egziste kòm aktè, lè li montre l enterese epi lè li patisipe nan zafè jistis la. Kidonk, sosyete a dwe tounen yon vre aktè ki pran reskonsablite 1 ak 2 men. Pou jistis la fonksyone nan yon kad demokratik ak enstitisyonel li dwe chita sou revandikasyon ak preyokipasyon ki sòti nan zantray sosyete a menm. Li se yon bezwen fondanatal tankou lè n ap respire a oswa pen n ap manje an.

Refòm jistis la nan kontèks nasyonal la

Depi nan ane 1980 yo, pèp ayisyen an angaje nan yon pwosesis ki pou mennen n nan yon demokrasi. Vyolasyon dwa moun ak abitrè, lit kont enpinite ki anviwonnen reskonsab yo, sistèm jistis la ki preske pa egziste, tounen revandikasyon fondanatal ak rèl popilasyon an k ap mande jistis. Tout moun gen yon sèl pawòl : olye pou vyolans ak konfli yo bese, fason jistis la fonksyone okontrè, vin mete abse sou klou. Vyolasyon dwa moun ak konfli yo ogmante pi plis, enpinite a menm ap vale teren.

Leta ayisyen pa menm kapab garanti règ jwèt ki dwe pèmèt li fonksyone kòm sa dwa. Li pa kab satisfè vrè bezwen popilasyon an, espesyalman sa ki pi pòv yo. Li pa kab oryante maryaj ki dwe genyen ant bezwen sosyal popilasyon an ak devlopman ekonomik peyi a. Se yon Leta ki fèb ki pa efikas, yon Leta raketè ki la pou ankouraje senpleman enpinite ak vyolasyon dwa moun. Imaj sa a Leta prezante a, parèt pi klè toujou nan fonksyonman jistis la menm. Obsèvasyon yo

montre klè, sistèm nan pa pwoteje diyite moun, gen anpil abi ak fay nan fason yo aplike sanksyon yo.

Konsekans bagay sa yo fè refòm jistis la mande refòm leta a k ap naje nan kòripsyon ak enkonpetans. **Se sa menm ki lakòz jistis la pa kapab rezoud konfli yo** yon fason pasifik nan moman n ap viv la, ni pèmèt devlopman sosyal ak ekonomik oswa estabilite politik nan peyi a.

Se sa ki fè **Dwa moun gen yon enpòtans kapital nan peyi a, pou pwoteje dwa sitwayen ak sitwayèn yo.** Men tou, pou tabli yon pi bon rapò ant sitwayen yo ak Leta. Sitwayen yo dwe patisipe nan tout desizyon ki gen pou pran nan peyi a, kit se desizyon pou prepare yon politik piblik oswa fason richès yo separe. Men enpòtans estrateji pou refòm jistis la ki dwe debouche sou devlopman ak pwogrè.

Apa enpinite ak mete moun sou kote, egzistans vyolans sosyal yo mande tou **bon jan zouti lalwa pou lite kont inegalite ak abitrè, selon règ jwèt demokratik la.**

Finalite refòm nan

Pou Fowòm Sitwayen an, refòm jistis la dwe pèmèt transfòmasyon sosyal yo nan mete chita yon estrikti pi demokratik pi jis.

Li klè pou tout moun, pwosesis refòm penal la pa kab chita sèlman sou refont kòd Enstriksyon Kriminèl la oswa sou yon pati nan refòm nan tankou paegzanp, endepandans majistra yo.



Preyokipasyon sitwayen yo ale pi lwen toujou. Yon vre refòm jistis penal dwe abouti ak yon pwosè penal demokratik nan yon kontèks nasyonal ak entènasyonal ki trè konplike nan moman n ap viv la. Repons ak 5 pwoblèm kle yo deja fè n wè, refòm nan pa kab depaman ak egzijans moman n ap viv la, ki mande pou n bati yon sosyete demokratik.

Pwoblèm kle nan jistis penal la

Katriyèm Fowòm nan, te reprann, analize epi klase preyokipasyon yo, jan yo te sòti nan tout depatman yo. Klasman sa a pèmèt katriyèm Fowòm nan idantifye 5 pwoblèm kle nan jistis penal la :

- ❑ Jistis la pa pre sitwayen yo. Li pa klè.
- ❑ Pouvwa jidisyè a pa granmoun tèt li, li depann de lòt pouvwa yo
- ❑ Jistis la kòwonpi. Pa gen sekirite jiridik.
- ❑ Leta pa mete asistans jiridik ak lòt mekanis pou defann dwa sitwayen yo.
- ❑ Ankèt yo pa janm abouti.

Yon lòt bò, Fowòm Sitwayen an mete anpil aksan sou mwayen ki manke ak feblès nan fòmasyon divès aktè nan sistèm nan. Men, nan katriyèm Fowòm nan, patisipan yo te mete yo dakò pou di: okenn nan 5 pwoblèm kle sa yo pa kab rezoud, san mwayen sila yo.

Pou chak pwoblèm kle idantifye, Fowòm Sitwayen an mete

aksan sou kèk prensip fondamantal kòm règ jwèt ki dwe pèmèt jistis la fonksyone kòm sa dwa. Li foute je gade tou jan sitiwayon an ap degrengole. Evalyasyon sila a pèmèt Refòm Sitwayen an fè yon bilan, pou gade ki konsekans sitiwayon an genyen sou demokrasi a.

Pwoblèm 1

Jistis la pa pre sitwayen yo. Li pa klè

Nan zafè penal la, li enpòtan pou chak moun ki nan pwosè a (moun jistis la ap pouswiv la e viktim nan), konprann sa k ap fèt nan pwosè a. Se yo ki konsènen. Si moun jistis la ap pouswiv la pa konprann sa k ap pase a, gen anpil chans pou dwa l vyole. Si moun ki viktim nan pa konprann sa k ap pase nan pwosè a, gen anpil chans pou l pa jwenn reparasyon.

Fowòm nan konstate, manke tribinal pou rezoud konfli yo. Lòt pwoblèm Fowòm nan wè tou, tout sa k ap fèt nan tribinal yo, fèt an franse. Sa k pi rès, se sèl aktè jidisyè yo (jij, komisè gouvènman, grefye, avoka...) nan sistèm nan ki konnen e konprann langaj jiridik la. Tout pwoblèm sa yo mele ansanm youn ak lòt, mete yon baryè ki lakòz pwosè a pa fin twò klè. Gen divès lòt difikilte toujou. Wòl ak estati aktè yo nan sistèm nan pa klè tou. Tout pwoblèm ak difilte sa yo, lakòz pa gen transparans nan jan jistis la fonksyone ak jan yo bay jistis. Men ki bò sous mefyans nan jistis la soti.

Jistis la pèdi idantite l ak valè l. Sa fè l pèdi lejitimite l tou devan je sitwayen yo. Machin jistis la anpàn, se pa tout moun



ki kab jwenn sèvis ladan l. Prensip ki di : tout moun egalego devan lalwa a, andanje. Aksè ki pa genyen nan jistis la ak fason li fèmen pòt li pou yon kategori moun, se kèk egzanp ki montre aparèy la p ap fonksyone tout bon vre. Kidonk, li mete prensip demokratik yo sou kote, tankou: egalite ak aksè pou jwenn sèvis nan enstitisyon yo.

Men kèk egzanp preyokipasyon sitwayen yo bay sou pwoblèm sa a nan Fowòm ki fèt yo :

- Pwosè yo fèt an franse, alòske se pa tout moun ki konprann lang sila a. Pi fò moun nan peyi a se kreyòl yo pale, yo pa pale franse (Kap Ayisyen, Chanbelan, Pòtoprens)
- Tèks lwa yo pa ekri an kreyòl (Kap Ayisyen)
- Gen nan lwa yo ki depaman ak reyalite a (Tèrye Wouj)
- Gen nan lwa yo ki depase (Pòtoprens, Kap Ayisyen, Jakmèl)
- Jistis la pa konsidere fason moun yo abitye rezoud konfli yo antre yo (Pòtoprens, Kap Ayisyen)
- Pa gen tribinal depè nan seksyon kominal yo (Nò, Wès, Latibonit)
- Pa gen polis nan seksyon kominal yo (Sen Lwi di Nò, Nò wès)
- Pa gen yon kanpay edikasyon sivik sou keksyon jistis la (Chansòl)
- Tribinal yo pa gen okenn estrikti pou akeyi moun (Kap Ayisyen, Latibonit)
- Jistis la manke mwayen pou li byen fonksyone (Kap Ayisyen).



Pwoblèm 2

Pouvwa jidisyè a pa granmoun tèt li, li depann de lòt pouvwa yo

Fowòm Sitwayen an fè konklizyon sila a: yon jistis ki endepandan, ki granmoun tèt li, se sèl kondisyon ki pou tabli yon sistèm demokratik. Se li ki dwe pèmèt tout moun koube anba lalwa, pit kou mawo, zannanna kou pengwen (kit ou se gouvène kit ou se gouvènan). Se sèlman yon jij endepandan ki kapab garanti respè pwosedi yo, yon fason pou libète ak dwa chak moun rive respekte kòm sa dwa.

Alòske, pouvwa jidisyè a tonbe anba grif pouvwa egzekitif la. Se sa nou jwenn nan, fason yo nonmen jij yo ak lwa ki pa genyen ki ta dwe tabli pwomosyon jij yo. Sitiyasyon sa yo montre aklè feblès sistèm nan genyen. Jistis la se, sèl enstitisyon ki ta dwe kontribye pou mete lapè nan sosyete a nan rezolisyon konfli yo. Jij yo ki ta dwe gadyen lalwa pa ranpli misyon yo kòm sa dwa.

Lè dwa moun pa garanti ak yon jistis ki pa granmoun tèt li, moun ki gen fòs pouvwa nan men yo oswa pouvwa lokal yo (jij depè, KASEK...) kapab fè abitè. Sitiyasyon sa a depaman ak lalwa epi li rann enposib bon fonksyonman enstitisyon demokratik yo.

Men kèk egzanp preyokipasyon sitwayen yo bay sou pwoblèm sa a nan Fowòm ki fèt yo:

- Pouvwa jidisyè a pa endepandan. Li se restavèk lòt pouvwa yo (Chansòl).
- Se pouvwa egzekutif la ki kontwole administrasyon ak fonksyonman jistis la nan tout nivo (Pòtoprens, Kap Ayisyen, Jakmèl, Sen Iwi Dinò, Savàn Alèn).
- Pa gen lwa ki tabli pwomosyon jij yo (Chanbelan).
- Jij yo pa chwazi jan lalwa mande a. Yo mal chwazi yo (Mowon, Pòtoprens, Chansòl).
- Majistra yo pa gen garanti nan estati yo tankou lòt fonksyonè yo (Wès, Nò, Sidès).
- Minis jistis la gen twòp pouvwa sou majistra yo (Chansòl, Wanament).
- Jistis la anba ponyèt otorite yo (Twou Dinò, Wanament).

Pwoblèm 3

Jistis la nan peyi d Ayiti kòwonpi. Pa gen sekirite jiridik

Pou Fowòm Sitwayen an, kòripsyon an tounen yon maladi atrapan nan tout nivo, li pa gen limit. Li pa respekte dwa moun. Li pa fè okenn distenksyon nan sa ki konsènen byen piblik ak byen prive yo. Li pa fè okenn distenksyon nan sa ki konsènen byen yon moun oswa byen tout moun. Li vyole dwa moun tankou, dwa pwopriyete yo.

Gen divès fason mal sila a ap layite kò l lakay pa nou, tankou nan fason ilegal yo itilize sèvis piblik yo nan enterè yon moun oswa yon ti gwoup moun. Yon lòt bò, gen yon tandans jeneralize andan peyi a pou lalwa pa aplike. Tandans sa a vin fè peyi a tounen yon Repiblik raketè, sa vle di enterè peyi a pa egziste ankò. Kòripsyon an touche majistra yo tou. Premsip demokratik yo vin andanje tankou: premsip egalite devan lalwa, premsip egalite ak garanti nan jistis la. Sa kreye yon sitiwayon ensekirite jiridik nan tout peyi a.

Kòripsyon an gen yon enflyans dirèk sou rapò sosyal yo. Sa lakòz demokrasi a andanje.

Men kèk egzanp preyokipasyon sitwayen yo bay sou pwoblèm sa a nan Fowòm ki fèt yo.

- Jistis la anba ponyèt otorite yo (Twou Dinò, Wanament).
- Majistra lajistis yo mal touche (Chansòl, Jan Rabèl).
- Reskonsab jistis yo reklame frè ki twò wo (Mowon, Mayisad).
- Jistis la pa gen bon jan kontwòl sou operasyon apantaj yo (Chanbelan).
- Jistis la gen twòp paspouki ladan l (Twou Dinò).
- Jistis la gen patipri ladan l. Yo konn vann jistis la tankou ti mamit diri bay sa ki ofri plis kòb.
- Jij yo pa aplike lalwa. Yo fè diskriminasyon, yo jije selon estati sosyal moun nan nan sosyete a (Milo).



- Pwosedri yo pa pwoteje dwa moun. Yo pa demokratik (Mayisad, Savanèt, Angoman, Savàn Alèn).
- Mekanis pou kontwole aktivite jistis la fèb anpil oswa yo pa egziste (Savanèt, Savàn Alèn).
- Jij yo bay ankèt polis la plis enpòtans pase yon jijman.

Pwoblèm 4

Leta pa garanti dwa sitwayen yo pou yo gen asistans legal ak lòt mekanis pou defann dwa yo

Pou Fowòm Sitwayen an, yon sosyete demokratik dwe chita sou dwa tout sitwayen yo pou kòz yo pase. Nan kad jistis penal la, dwa sila a dwe garanti tou de pati yo egalego. Se poutèt sa moun ki ale lajistis, dwe akonpaye ak avoka li. An n ale pi lwen toujou. Tout faz nan yon pwosè penal ta dwe gen kontradiksyon ladan l, yon fason pou asire chak pati yo sou menm pye.

An reyalite, Leta pa òganize yon asistans legal pou moun ki nan nesosite yo, tankou sila yo ki pòv oswa moun ki sou kote yo. Sitiyasyon sila a lakòz yon inegalite ki kab mete dewoulman ak rezilta pwosè a sou yon move pant.

Si Leta pa kapab òganize yon asistans legal, li pa kapab garanti tou prencip tout moun egalego devan lalwa. Kidonk, li pa kapab pèmèt tout moun egzèsè dwa demokratik yo menm jan.

Men kèk egzanp preyokipasyon sitwayen yo bay sou pwoblèm sa a nan Fowòm ki fèt yo:

- Leta pa òganize yon sèvis asistans legal pou defavorize yo (Kap Ayisyen).
- Anpil fwa, timoun yo pa benefisyè okenn asistans legal nan sèvis piblik la (Kap Ayisyen, Tèrye Wouj).
- Leta pa òganize yon asistans jiridik pou moun ki pòv yo (Teryè Wouj).
- Kote asistans legal la ta egziste, li pa bay bon rezilta, li pa efikas (Pòtoprens, Kap Ayisyen).

Pwoblèm 5

Ankèt yo pa abouti

Men kijan Fowòm Sitwayen an wè sa. Nan yon sistèm demokratik, moun ki akize, inosan jiskaske nan yon jijman, gen prèv ki montre li koupab de zak yo akize l la.

Nan moman n ap viv la, ankèt yo pa janm abouti ak okenn rezilta. Viktim yo ap tann jistis, alòske plis pase 80 pou san moun ki sispèk yo nan prizon, yo an detansyon pwoviswa « pwolonje». Yo pa janm pase devan jij natirèl yo epi tou viktim yo ap tann reparasyon.

Lè n konsidere manm pakè ak jij yo pa kab ale nan yon enstiti medsin legal, sa disparèt tout pouvwa yo genyen. Sitiyasyon sila a vin konplike epi debouche sou enpinite ki



lakòz moun pa gen konfyans nan jistis la. Li febli fòs lalwa tou.

Men kèk egzanp preyokipasyon sitrwayen yo bay sou pwoblèm sa a nan Fowòm ki fèt yo.

- Polis la manke mwayen depasman (Kap Ayisyen).
- Polis la pa egzekite manda lajistis (Chansòl, Sen Iwi Dinò, Jan Rabèl).
- Pa gen jijman rapid nan ka flagran deli yo (Pòtoprens).
- Wòl majistra yo chaje ak anpil kontradiksyon (Pòtoprens).
- Pwosedi yo pa rapid, yo twò long.
- Lè lapolis ap mennen yon ankèt, li maspinen moun (Jan Rabèl, Kap ayisyen, Pòtoprens, Abriko, Wozo, Wanament, Mayisad, Savanèt, Angoman, Savàn Alèn).
- Sistèm jidisyè a pa respekte diyite moun (Pòtoprens, Chanbelan).
- Gen feblès nan regleman detansyon prevantiv yo (Pòtoprens).
- Pa gen bon regleman pou Polis jidisyè a (Pòtoprens, Chanbelan).
- Jij yo pa konpetan pou mennen yon bon ankèt (Pòtoprens, Chanbelan).
- Ankèt yo konn bay okazyon pou mete moun nan detansyon provizwa yon fason abitè. Delè konstitisyon an bay pou yon moun parèt devan jij natirèl li pa respekte (Jan Rabèl).

- Syans ak teknik ankèt, konpetans paralegal yo pa egziste nan pwosesis ankèt la (Kap Ayisyen).
- Jij yo pa gen kontwòl sou ankèt polis la (Angoman, Pòtoprens).

Konklizyon

Idantifikasyon 5 pwoblèm kle sila a yo ki sòti nan katryèm Fowòm nan, bay 2 konklizyon :

1. Pwoblèm sila yo montre lyen ki genyen ant **Jistis** ak **Demokrasi**. Lè youn egziste san lòt, sa mete dwa moun andanje. Men tou chèche solisyon pou yon grenn pwoblèm, sa pa sifi. Konsa, keksyon enpinite a gen rapò ak feblès mekanis ankèt yo, menm jan fenomèn koripsyon an gen rapò ak yon sistèm jidisyè ki pa endepandan. Se sèlman si 5 pwoblèm kle yo rezoud ansanm, sistèm jidisyè a kapab transfòme kòm sa dwa. Se sèl garanti pou enstitisyon demokratik yo kapab fonksyone pi byen.
2. 5 pwoblèm kle yo konsènen tout moun pou konsekans yo genyen sou dwa sitwayen yo. Men tou, yo konsènen divès aktè ki gen yon wòl kle nan fonksyonman ak administrasyon jistis la. Kòm egzanp, endepandans majistra yo, se yon kondisyon ki dwe garanti dwa sitwayen yo. Men tou, se yon kondisyon ki nesèsè ki dwe pèmèt jij yo egzèse fonksyon yo kòm sa dwa. Menm jan an tou, yon asistans jiridik se yon egzijans pou sitwayen yo k ap chèche jistis, sitou pou sila yo ki pi pòv. Pwoblèm sila a ta dwe enterese bawo avoka yo yon fason espesyal.



Pou fini, refòm jistis la se zafè tout sitwayen. Li enplike dirèkteman divès aktè jidisyè kle yo (jij, komisè gouvènman, grefye, isye, avoka) ki dwe met tèt yo ansanm epi antann yo sou ki solisyon yo dwe pote ak 5 pwoblèm kle yo, Fowòm Sitwayen an idantifye. Se 5 pwoblèm kle sila yo pwochen Fowòm yo ap gen pou debat.

